

Vaksinasyon Kont viris Varyòl senj lan (hMPXV) nan New Jersey

Vaksen kont viris varyòl senj moun ka trape a (hMPXV) rele JYNNEOS. Nan New Jersey, moun sa yo nou pral site la, yo elijib pou pran vaksen an:



Moun ki te gen kontak ak yon moun ki te teste pozitif ak yon viris pòksviride oswa viris varyòl senj lan (hMPXV) nan 14 jou ki sot pase yo

(Kontakte sèvis sante lokal ou a pou w kowodòne vaksinasyon an)

- Omoseksyèl, biseksyèl, ak lòt gason ki konn fè sèks ak gason, transjan oswa moun ki non binè ki te gen nan 6 mwa ki sot pase yo:



- Yon nouvo dyagnostik pou youn oswa plizyè maladi moun trape nan fè bagay (sa vle di, VIH egi, chankremou, chlamidiòz, gonore oswa sifilis)
- Plis pase yon patenè seksyèl

- Moun ki te fè nenpòt nan bagay sa yo pandan 6 dènye mwa ki sot pase yo:
 - Sèks yon kote yo fè sèks pou lajan
 - Sèks an asosiyasyon ak yon gwo evènman piblik nan yon zòn jewografik kote gen pwopagasyon varyòl senj lan (hMPXV)

- Patenè seksyèl moun ki gen risk nou site pi wo yo

- Moun ki prevwa yo pral pran risk ki site pi wo yo

Vizite yon kote yo bay vaksen

(eskane kòd QR ki pa dèyè a pou w ka jwenn yon sit vaksinasyon ki pi prè w)

Moun ki ap travay nan kèk anviwònman kote yo ekspozè tankou:



- Moun ki ap travay nan laboratwa ki ap fè rechèch sou viris pòksviride yo
- Moun ki ap travay nan laboratwa pou klinik ki ap fè tès pou gade si yon moun enfekte ak viris pòksviride yo
- Travayè nan domèn sante ak ekip entèvansyon ke otorite sante piblik ak antiteroris ki la pou sa deziyen

(Wè ak depatman sante lokal ou a)

Depatman Sante nan NJ ap resevwa vaksen kont viris varyòl senj (hMPVXV) lan nan men gouvènman federal la epi yo bay moun yo li gratis.

Efò vaksinasyon kounya yo konsantre yo sou moun ki afekte yo yon fason dispropòsyonèl tankou moun ki omoseksyèl ak biseksyèl ak gason ki konn fè sèks ak lòt gason. Sa ka chanje pi devan.

Rete ajou sou elijibilite ak kote yo bay vaksen yo. Vizite <https://bit.ly/njmpx> oswa eskane Kòd QR la:



NJ Health
New Jersey Department of Health



**VIRIS VARYOL SENJ
IMEN an (hMPXV)**

Sa w dwe konnen

Varyòl senj imen an, yo konn rele l tou hMPXV, se yon enfeksyon yon viris lakoz. Sentòm yo ka pa twò grav, men gen kèk ka ki ka pi grav epi ki ka mande pou w entèn lopital.

Men sa w dwe konnen pou w pwoteje tèt ou epi anpeche enfeksyon sa a gaye.

Ki sentòm viris varyòl senj (hMPXV) lan bay?



Sentòm yo ka gen ladan yo:

- Gratèl, boul, oswa ti boul dlo ki ka leve sou oswa alantou pati jenital yo oswa lòt zòn (tankou men, pye, figi, oswa lestomak)


- Yo ka sanble ak enfeksyon seksyèlman transmisib nou fasil jwenn yo oswa lòt gratèl sou po tankou zona oswa zèb pis

- Gen kèk fo sentòm grip ki ka parèt anvan gratèl la tankou lafyè, doulè nan tèt ak nan kò, amigdalit, ak frison



Kijan viris varyòl senj (hMPXV) lan pwopaje?

Viris varyòl senj lan (hMPXV) pwopaje atravè kontak fizik sere ant moun, tankou:



Kontak dirèk ak gratèl sou po viris varyòl senj (hMPXV) lan bay



Larim oswa saliv (krache) pandan kontak pwolonje, kontak fas ak fas oswa kontak fizik entim, tankou bo, karès, oswa rapò seksyèl



Manyen bagay yon moun ki gen viris varyòl senj lan (hMPXV) te itilize tankou sèvyèt, dra kabann, ak rad

Viris varyòl senj (hMPXV) lan ka pwopaje depi lè sentòm yo kòmanse jiskaske gratèl la geri nèt epi li fòme yon nouvo kouch po.

Kijan w ka fè prevansyon kont viris varyòl senj (hMPXV) lan?



Mande patnè seksyèl ou yo si yo gen yon gratèl oswa lòt sentòm viris varyòl senj (hMPXV) lan



Evite kontak po ak po ak nenpòt moun ki gen yon gratèl oswa lòt sentòm viris varyòl senj (hMPXV) lan



Evite kontak ak materyèl tankou kabann, sèvyèt, rad oswa lòt bagay yon moun ki enfekte t ap itilize



Lave men w byen ak savon ak dlo, oswa itilize dezenfektan pou men ki fèt ak alkòl apre w fin an kontak ak moun ki enfekte

Kisa mwen ta dwe fè si mwen gen sentòm oswa mwen panse mwen ka gen viris varyòl senj (hMPXV) lan?

Si w gen nenpòt sentòm varyòl senj (hMPXV), kontakte founisè swen sante w la, sant swen ijans, oswa ale lopital touswit

- Rele anvan w ale pou yo ka pare pou izole w de lòt moun yo
- Asire w ke w mete yon mas epi kouvri blesi yo otan sa posib
- Mete founisè swen sante w la okouran si w te fèk vwayaje, si w te gen kontak ak yon moun ki gen yon gratèl tankou sa, oswa yon moun ki te gen viris varyòl senj lan (hMPXV)
- Fè tès la si founisè swen sante w la mande sa; tès la mande pou yo pran ti kal nan gratèl la
- Rete lakay ou pandan w ap tann rezilta tès yo



Kisa pou w fè si w teste pozitif?

- ✓ Izole tèt ou jiskaske tout blesi yo geri, kal yo tonbe, epi yon nouvo kouch po entak parèt (anjeneral sa ka pran ant 2-4 semèn).
- ✓ Rete lakay ou sof si gen yon ka ijans oswa randevou pou al pran swen medikal.
- ✓ Si sa posib, sèvi ak yon twalèt separe si gen lòt moun ki abite nan menm kay la.
- ✓ Mete yon mas oswa yon respiratè ki byen adapte si w bezwen rete bò kote lòt moun nan kay la.
- ✓ Netwaye ak dezenfekte sifas yo manyen souvan yo gras avèk yon dezenfektan ki anrejistre nan Ajans Pwoteksyon Anviwonmantal Etazini an (EPA)..
- ✓ Lave men w yo ak dlo ak savon epi sèvi ak dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl.
- ✗ Evite tout aktivite seksyèl.
- ✗ Evite kontak sere ak lòt moun ansanm ak bèt ki nan kay la.
- ✗ Evite sèvi ak lantiy kontak pou anpeche enfeksyon nan je.
- ✗ Evite raze pati nan kò a ki gen ti bouton oswa blesi pou anpeche viris la simaye.

Kisa mwen ta dwe fè si mwen panse mwen te ekspoze ak viris varyòl senj lan (hMPXV)?



Kontakte depatman sante lokal ou a touswit



Al pran vaksen an si ofisyèl sante piblik yo rekòmande sa



Siveye sentòm yo pandan 21 jou

